

102

Prijs franco per post f
n Leermiddelen. Welke vreden tegen
tot genoemd dag.

JED B/QE
99.2211
X Ser

Serie uitgaven door bemiddeling der Com-
missie voor de Volkslectuur, No. 102

SERAT TJARIOSIPOEN OELAM KOETOEK

NGRABÉNI TIANG ESTRI.

KAWEDALAKEN DÉNING

COMMISSIE VOOR DE VOLKSLECTUUR.



311
a-ctiap ing pangetjapanipoen G. KOLFF & Co., Betawi 1914.



PNRI



Balai Pustaka



PNRI

6p

Rafael Pontes



PNRI



Universitas Pendidikan Ganesha



PNRI



Badan Persemaian

Serie uitgaven door bemiddeling der Com-
missie voor de Volkslectuur, **No. 102**

SERAT TJARIOSIPOEN OELAM KOETOEK

NGRABÈNI TIANG ÈSTRI.

KAWEDALAKEN DÉNING

COMMISSIE VOOR DE VOLKSLECTUUR.



Ka-etjap ing pangetjapanipoen G. KOLFF & Co., Betawi 1914.



PNRI



Balai Pustaka

6



PNRI



Batas Pustaka

Serat tjariosipoen oelam koetoek ngrabèni tiang èstri.

ZANG I; dichtmaat: GAMBOEH

1. tyas mirong moerwèng gamboeh
 jajah roga tanposada toehoe
 2. tangèh loear saking maskating panjakit
 malah kongsi sarwa koesoet
 kasatmata dadining don
 3. dènira karja pémoet
 limoet ing tyas raré kang kalimpoet
 latjoet maring rèh.soemirang moerang niti
 tantan toeman amamatoeh
 temah loemakoe ginoeron
 4. mangkana jogjanipoen
 toemoelara soedarpana loehoeng
 doek ing djaman kaboedan kang dadya misil
 kasoesilaning toemoewoeh
 mèt saking rèh karahajon
 5. lelakon élok toehoe
 tjaritaning ngoeni ana koetoek
 rabi kenja winiwahèng Narapati
 poerwakanira, kaseboet
 ing sastra wèdja kinaot
 6. poestaka radja ikoe
 njaritaken lelakoning koetoek
 djaman pradjèng Wiraña kang madeg adji
 sang Basoe-késwara praboe
 kasoeb ingrat widagdèng don
- Serat-Tjariosipoen oelam koetoek.

1.



PNRI



National Press Council

6. andina-dina moehoeng
mèt martèng tyas anggoeng anenamoer
kanti wadya sawetara kang kinapti
samaptaning anenoengkoe
piter poedya moerwèng lajon
7. semana doek anoedjoe
anenamoer maring lor pradjagoeng
amoeng arja Manoengkara kang oemiring
lan parpat ro kanṭinipoen
angampil tépak tembako
8. praptèng marga lit ikoe
sesimpangan kang maring désagoeng
karadjaning Wanda-singha doek ingoeni
kahjanganira hjang Wisnoe
nalika warni arimo
9. praboe rarjwan ingrikoe
moelat ana wong papat loemakoe
gegantjangan sarja tawan-tawan tangis
inganđeg samja dinangoe
karananing rēh mangkono
10. ana ingkang soemaoer
doeh priantoen sampoen aroebiroe
kang sajekti lampah kaoela poeniki
gegantjangan arsa panggoeh
kelawan leloerah ingong
11. sedya noewoen pitoeloeng
pamingkaraning baja pakéwoeh
dyan dinangoe sapa loerahira jekti
winangsoelan kang kaseboet
Manoengkara poenggawèng djro
12. mangkja djinatèn sampoen
lamoen Arja Manoengkara ikoe
kang tetanja marmanira paña nangis
kapat pareng makiđoepoeh
dénja loenggoeh tan rinaos

13. moeng marep sarjandoeloe
maring Arja Manoengkara ikoe
tan wroeh lamoen anèng ngarsaning Narpati
panakawan ro goemoejoe
kinira wong lara panon
14. djinawil kinèn moengkoer
angarepna ing pasilan praboe
pareng kagjat kapat woes samja oedani
adan mingsed sroe maboekoe
anèng abjantara katong
15. doepi woes mari ngangsoer
napasira wong papat poenikoe
dinangoe kang dadya daroenèng anangis
kang sewidji alon matoer
poekoeloen djeng Sang Akatong
16. inggih sedjatosipoen
abdi dalem poenika leloenggoeh
oemboel doesoen ing Kasidan awewangi
poen Sarwa mangkja kaseboet
karan saking anak wadon
17. pak Saroei poenikoe
ingkang wonten kiwaning bokipoen
déné tiang èstri kalih kang soemandjing
biang lawan bibèkipoen
doemateng soetamba wadon
18. milanipoen poekoeloen
kapat sami kakapang kapiloe
sedya soan doeñateng Loerah negari
Arja Manoengkara patoet
paring piteloeng wirangrong
19. mekaten poerwanipoen
wonten tamoe èstri saking doesoen
ing Pahoman awasta Njai Gandori
poenika sémahing boejoet
Gandowara kasoeb ing wong



20. dènira amartamoe
dateng wisma kaoela mitemboeng
andjedjawah sonten ngeboen-eboen èndjing
ing soetamba èstri waoe
poen Saroei lamoen djoølo
21. soemedya kambil mantoe
antoek soetanipoen warni koetoek
wasta djaka Deleh poenika sajekti
dahat andoeparèng temboeng
mangsa sageda kalakon
22. Déné ta oelam koetoek
bađé ngangkah rabi wanoedyajoe
sanalika sémah amba Njai Kësi
soegal wewangsoelanipoen
nirbaja wikarèng batos
23. ah teka soroh saroe
sararasan andika bokajoe
andjedjala djadja andjedjangkoeng aris
poendi wonten oelam koetoek
bađé ñaoep lan wong wadon
24. sëwoe boten pakantoek
pepantesé lamoen oelam koetoek
amoeng djagi pèspèsan lan oerip-oerip
mekoten ing loemrahipoen
kang empoen kaprah déning wong
25. Njai Gandori napsoe
nanging tansah kaoela rerapoe
doepi sarèh noenten amba apepanggil
minta tengran retna loehoeng
maniking taja sadjoølo
26. kang ageng sabeloeloek
lamoen saged toemoentena woedjoed
mila karja pepanggil mekaten goesti
amoeng dadosa tetanggoel
menawi nampika awon

27. Narèndra mèsem moewoes
lah ta paran wangsoelané ikoe
si Gandori apa bandjoer anjagoehi
oemboel Sarwa atoeripoen
sakełap kèndel kémawon
28. antawis dangoe moewoes
sagah dèrèng kantenan liripoen
koela niki moehoeng dremi anglampahi
pakèning soeta poen koetoek
wonten pepanggil kang abot
29. tinantoen saratipoen
saged boten jekti koela wangsoel
pamit mantoek ing antawis dinten prapti
mamardaha woewoesipoen
baja empoen pasti djođo
30. soeta andika nikoe
lawan anak koela warni koetoek
nadyan mina oedjer langkoeng dibjat sekti
saged moedja retna loehoeng
sami sakełap kémawon
31. poeniki warninipoen
manik warih ageng sebeloeloek
tanggapana retna sakembaran mangkin
tanpa koetjiwèng wewangoen
toepiksanen dèn-waspaos
32. kaoela moelat mangoe
mangoenengan angoengoen poepoengoen
ngoenandika paran kasidaning woeri
woerjaning tyas arsa loemoeh
tañ poeroeni tampi sajektos
33. singlar oebajèng dan goe
nanging tangga tepalih sahoejoen
samja ngémoetaken doek amba pepanggil
mangkja kałatengan sampoen
pantes tinampèn kémawon

34. menawi maksa loemoeh
jekti bađé awrat sangginipoen
amba dahat poetek tyas metek kepati
wekasan kaoela moewoes
minta inah dèn-serantos
35. ing penlak soma èstoe
kalampahan wiwahaning soenoe
manik warih kabektaha wangsoel malih
gampil katanggapanipoen
bèndjang soma pon kémawon
36. Ganđori datan poeroen
kedah bađé tinilar poenikoe
retna maniking toja moeloeng katampik
dia dinia adangoe
sinapih tangga teparo
37. ing rembag kang pakantoek
saking ing pamrajogi piroekoен
tinoeroetan inah penlak soma mangkin
kang manik warih goemantoeng
anèng brahmaña kémawon
38. doepi bibaran sampoen
amba lawan anak rabi èstoe
dahat gioeh jajah tan miat wiati
tjipta toemamèng pakéwoeh
ngesah tan wrin dajaning don
39. marsoedi tyas tarwiloen
angoeng ngrembag kadadosanipoen
miroeda nglès ing daloe sa-anak rabi
sedyo toemamèng pradjagoeng
noewoen pariksaning katong
40. wontena welasipoen
angoewoekaken prekawising lãoep
sampoen ngantos anak kaoela pawèstri
kalampahan laki koetoek
minlak dados odjat awon

41. telas ing atoeripoen
oemboel Sarwa wekasan wotsantoen
Srinarèndra angoengoen toemandoe liring
arja Mangkara pan sampoen
toemanggap sasmita katong
42. kadawoehaken ikoe
maring oemboel Sarwa kinèn ladjoe
dènirarsa toemamèng pradja toemoeli
andjoedjoega wismanipoen
arja Manoengkara ing djro
43. wotsari mangkat sampoen
oemboel Sarwa anak rabi toemoet
praptèng pradja mārem andoeloe sarwa sri
jata lampahira praboe
ladjoe andjog marga kang lor
44. rerasanira moehoeng
boejoet Gandowara kang deðoekoeħ
ing Pahoman teka ka-élokan jekti
djanma anak-anak koetoek
anglengkara jén rinaos
45. woesana karsa praboe
dinadèken pamiwahanipoen
awit koetoek lan kenja rara Saroei
bok menawa kang tinemoe
karja éloking lelakon
46. ananging saratipoen
arsa mariksa beboekaripoen
boejoet Gandowara dènira sisiwi
warna iwak koetoek ikoe
dinangoe jektining pandon
47. manadoekarèng praboe
arja Manoengkara atoeripoen
karsa Nata poenika langkoeng oetami
bok menawi babaripoen
dados soeka sakararon

48. semana ladjoe kondoer
Sri narèndra praptèng pradja sampoen
animbali kja patih wasita mangkin
winartosan langkoeng ngoengoen
déné teka sèwoe élok
49. wekasan kang rinemboeg
kjana patih dinawoehan goepoeh
anoedoeha poenggawa kinèn nimbali
boejoet Gandowara ikoe
dèn-prapta paña samengko
50. patih sampoen anoedoeh
ingkang maring Pahoman katemoe
lawan boejoet Gandowara dèñ-dawoehi
sandika kéríd salakoe
praptèng ngabjantara katong

ZANG II; dichtmaat: SINOM.

1. enggar kang tyas toemaroena
ki boejoet anèng ngarsadji
dénirantoek panambrama
kabagjaning anak rabi
saksana kjana patih
tinoedoeh kinèn andangoe
sangkaning asesoeta
warna koetoek temah kongsi
angrasani rabi wanitèng Kasidan
2. woes dinangoe atoerira
poekoeloen sang misoedèng sih
mangkja kaoela sadjarwa
beboekanipoen ingoeni
kados sampoen antawis
langkoeng kalih welas taoen
semanten sémah amba
kang awasta poen Gandori
wawrat sepoeh mèh andoengkap lèking masa



3. doek kepati dènja nèndra
ing daloe soepena kèksi
lahiring wawratanira
warni koetoek asmoe wilis
kang tjahja anelahi
mawi makoeṭa bra moeroeb
djamang mas kinatipa
dénings retna moetyaradi
salebeting soepena sémah kaoela
4. sanget dènja kamigilan
sarwi angemoe prihatin
kang koetoek ladjeng binoetjal
dateng lèpèn tan átebih
doepi ing wantji èndjing
káwistara wetengipoen
kimpès tanpa kerana
kadi doek dèrèng garbini
sémah amba kampitèng tyas senalika
5. dateng gèn doeckoem mamalar
kinèn doemoek sampoen jakin
moesnanipoen kang wetengan
tan kénging dèn-oesadani
ingrikoe poen Gandori
goepoeh-goepoeh antoekipoen
karoena amlasarsa
amba takèn paran marmi
djinatosan ing poerwa madya woesana
6. amba dahat gegetoen tyas
sanityasa asmoe tistis
tansah moneng analangsa
mintaksamèng beṭaradi
praptaning ratri malih
poen Gandori tilemipoen
saweg angles kewala
kadi wonten kang amangsit

- woewoesipoen angingimoer manoeara
7. lah ta bioeng ing semangkja
loearen tyas kang roedatin
moepoesa pandoning déwa
menawantoek bagja jekti
anemoe soeta pekik
antarakna tembénipoen
jèn woes toemekèng masa
babaring manoesa djati
kanirmalan anèng ngabjantara Nata
8. lah ta mara jektèkena
sésoek menjanga ing kali
siłataning Wanda-singha
menawa ana ka-èksi
koetoek mawa boeka-sri
djedjamang rinenggèng tatoer
pinatik sarwa retna
oedjwalanira nelahi
iaikoe sedjatiné awakingwang
9. ajwa sandéa ing dria
dènira angakoe siwi
sèsèren gampang kewala
tan rekasa kang kinardi
mèt pamrih ing pakolih
jèn woes kena koetoek ikoe
ingoenen ing pabongan
ajwa nganggo dèn-pakani
amoeng saben tengah wengi doepanana
10. sa-oebenging kang pabongan
doepa ratoes wida sari
sa-antara oemenenga
seboeten ing dalem batin
doeh koeloep soeta mami
djaka Deleh ajwa limoet
kapijénaken nèndra

anggèr tangia toemoeli
nekanana kang dadi pamintaningwang

11. djroning tjipta aranana
apa pamintanirèki
jekti soen toeroet kewala
pesti senalika prapti
katemoe woes soeman ding
anèng sakiwa tengenmoe
sangkep tanpa koetjiwa
nanging ana wekas mami
sésoek-ésoek menawa maring narmada

12. ajwa kongsi nganggo roang
lawan ajwa kapiarsi
maring lian poma-poma
kabèh wangsit ingsoen iki
simpenen dèn-arepit
jén kelakon ora kasoeb
sajekti katarima
jadi kabegjan ing woeri
doepi wantji bangoen ingkang sajempraba

13. sémah amba ka-èngetan
salir ingkang dados wangsit
tangi tilem senalika
doemateng lèpèn pribadi
mantoek wantji bjar èndjing
sampoen antoek oelam koetoek
mawa praba toemédja
nganggé makcèta boekasri
djedjamang mas pinatik ing nawa retna

14. ladjeng ka-ingoe poenika
wonten pabongan ing woeri
kala semanten kaoela
mentas tangi amarengi
arsa does aningali

ing pabongan wonten koetoek
toemédja makoeṭa mas
ad jedjamang sarwa roekmi
kampitasmoe maketer tyas senalika

15. angenggoewoeh sémah amba
datengipoen poen Gandori
api ngoengoen kalahiran
moewoes toemoet amastani
menawi élok jekti
samantara oelam koetoek
manṭongol saking toja
moeng sirah kewala kèksi
sarja moewoes mamardawèng' basa krama
16. lah ta bapa Ganjowara
ampoen pisan andarbèni
kampitèng tyas was soemelang
wroehanta koela poeniki
soetandika pribadi
ingkang midjil saking bioeng
Gandori jektinira
nalika ing daloe wingi
bioeng koela Gandori tilem soepena
17. wawratanipoen ambabar
midjil koetoek mawandari
soepraba sri doemipèngrat
ladjoe binoetjal ing kali
doek tangi bangoen èndjing
wetengan kimpès kadoeloe
wewarti ing andika
dinoekoeken sampoen jekti
moesnaning kang wawratan tanpa kerana
18. semanten samja nalangsa
minta marmaning déwadi



ing daloe malih poenika
bioeng tilem antoek wangsit
menawi tangi èndjing
datenga ing lèpèn goepoeh
pribadi tanpa roang
ajwa kongsi kapiarsi
maring lian dén-awadi tingkahira

19. lamoen ontén kang katingal
koetoek mawa praba asri
kinèn angangkah dèn-kena
poen bioeng djinatèn jekti
jèn soetané pribadi
kang amidjil* warni koetoek
ladjoe kaprenahena
anèng pabongan ing woeri
tanpa pakan agesang saking Kawasa

20. moeng dinoepan gonda wida
saben wantji tengah ratri
moebeng tepining pabongan.
angoewoeh ing dalem batin
mintaha kang kinapti
tinoeroetan déning koetoek
djaka Deleh panengran
poen bioeng nalika tangi
ladjoe dateng narmada amoeng priangga

21. waoe sampoen kaleksanan
sawasitaning wewangsit
praptèng mangké doek andika
arsa does kagjat ningali
ing koela dènja kèksi
mawa praba angengoewoeng
makoeña djedjamang mas
leres andika kagèti
oedjer élok akarja maketering tyas

22. ananging jèn praptèng masa
sampoen antoek djarwa djati
jekti mantoen tyas sandéa
amoeng mangkja dèn-agati
saliring kang weweling
pitoehoehenen djroning kalboe
kang sarta dipoen-sasab
ampoen kongsi awewarti
ing wong lian moenjak moeroengken parasdy
23. kénging tembé sadjarwaha
anèng ngarsaning Narpati
jèn wahjaning masa kala
badé kanggé barang kardi
mekaten kang weweling
poen koetoek kala roemoehoen
kèndel ing woewoesira
oelam koetoek silem malih
amba ladjeng angresiki ing pabongan
24. ngoeni sampoen kalampahan
amitoehoe ing weweling
amba lawan njai somah
saben wantji madya ratri
dedoepa angoebengi
tepining pabongan kempoet
sinawoeran poespita
sirat soeganda wiñasri
sarwa ngoewoeh ameminta ing samoerwat
25. kañatengan senalika
sèstining tyas tanpa wèsti
doemoegi ing sapoenika
katjekapan sawetawis
labet saking nglampahi
sapakèning oelam koetoek
ing mangké kaparengan

soetamba sampoen birai
andarbèni paminta dateng kaoela

26. kedah arsa palakrama
nanging aèng kang kinapti
rara ajoe ing Kasidan
kang awasta kèn Saroei
kasoebing rat sajekti
nirken sarwa sri raras roem
poenika kang soesoeta
oemboel Sarwa bioeng Kèsi
woewoesipoen soetamba mèt manoeara

27. lah ta bapa kaparenga
mangkja poen bioeng Gandori
koela wawrati ing karja
temboeng ngeboen-eboen éndjing
andjangkoenga wiati
sonten nawoer riris aroem
dateng doesoen Kasidan
onten kenja kang wewangi
kèn Saroei atmadjaning oemboel Sarwa

28. lamoen sami kasembadan
badé koela-angkah rabi
nanging temboeng bebarèsan
ampoen mawi sasab sandi
kaoela amangsoeli
djemoeroeng ing lahiripoen
sèwoe mengajoe bagja
angoengoen ing dalem batin
andoepara koetoek meksantoek menoesa

29. rèhning dahat ing kadrihan
sémah-amba poen Gandori
kelampahan senalika
dateng Kasidán kapanggih
oemboel Sarwa lan Kèsi

Serat-Tjarisipoen oelam koetoek.



anandoeken mardawaroem
roemesep mèt pamrihan
manoearèng oekararis
lamoen sami sembada ing sekalian

30. kèn Saroei keparenga
bađé dipoen-mong pribadi
kang minangka sesambitan
soeta djaloe awewangi
poen djaka Deleh warni
oelam koetoek nanging bagoes
mawa praba toemédja
makoeña roekmi respati
wignja liring raras ati basa krama

ZANG III; dichtmaat: RARAS ATI.

1. oemboel Sarwa nalika miarsi
tanpa amiraos
asmoe dahat awrat kewran ing rèh
ing woesana akarja pepanggil
minta soeratnadi
moestikaning ranoe
2. sakembaran kang tan inèng werni
wangoen gana tinon
sabeloeloek gengnja maniking wé
mangka tengraning patiba sampir
lamoen anłatengi
jekti saged ñaoep
3. poen Ganjori amangsoeli miring
amèt tyas kémawon
sagah dèrèng kantenan ing tembé
pamit mantoek saprapataning panti
ladjeng awewarti
ølateng oelam koetoek



4. lamoen oemboel Sarwa apepanggil
langkoeng awrat élok
minta tengran retna maniking wé
sakembaran wangoen gana sami
kang tan siwah warni
gengnja sabeloeloek
5. oelam koetoek boten amangsoeli
moerdanipoen tinon
lir semadi pasang rakiting rèh
tan adangoe manłongal sarja ngling
mangkja woes antoek sih
parmaning déwagoeng
6. lāh ambilen retna manik warih
sakembaran tinon
kadi gana ikoe wewangoené
doemipèng djro pabongan nelahi
sa-isining pantí
paña moebjar moeroeb
7. poen Gandori toemoenten angambil
manik wé sadjođo
doek pinosteñi moenggwинг èpèk-èpèk
amba lawan sémah poen Gandori
moelat mangoe sami
lengleng tyas kajoengjoen
8. dènja prabaning kang manik warih
toehoe jèn kinaot
jajah nirken sr̄ning rat ing mangké
winadahan sangkoe kantjanadi
toemoenten angroekti
wewahing mengoejoe
9. oeparengganing ambekta manik
pantesipoen tinon
sampoen wonten kang koetjiwa ing rèh
ladjoe matah kang sami oemiring

doepi sarwa sarwi
samapta sedaroem

10. éndjing mangkat sarwi dèn-koermati
moerwati djanmasor
tetaboehan amoeng kendang benjé
trebang angkloeng ing samargi-margi
kaṭah kang ningali
ladjeng samja toemoet
11. praptèng doesoen Kasidan kepanggih
lan oemboel karoron
djaloe èstri wonten ing djro balé
poen Gandori mèt maniking warih
sarja moewoes aris
mamardawèng temboeng
12. raji koela sekalian sami
minta tengran élok
inggih sampoen kedatengan mangké
lah soeawi andika tampèni
kang retna poeniki
kembar warnanipoen
13. kalih pisan ing wangoenan sami
kadi gana tinon
sabeloeloek poeniki agengé
praba nirken raras roeming boemi
oemboel djaloe èstri
kèndel tanpa moewoes
14. bađé boten poeroen anampèni
pineksa déning wong
kang toemingal samja mrih katampèn
lamoen meksa tan poeroen atampi
sajekti ing wingking
awrat sangginipoen
15. boten wandé katoer ing negari

kawisésa jektos
ing poenika cemboel ragi mèlèd
minta inah penjak dinten mangkin
dènja anampéni
retna manik ranoe

16. tiang prapat sami angrembagi
mèt roekoén kémawon
amba dèn-prih sarantosa sarèh
penjak dinten ingrikoe oepami
tjidra ing oebanggi
jekti sampoén kokoem
17. kadžibahna ing tangga tepalih
mekaten kémawon
déné maniking toja ing mangké
goémantoenga wonten brahmanarsi
sang Soña wewangi
mangkja sampoén rampoeng
18. telas atoering boejoet wotsari
waoeta sang Katong
doek miarsa dahat pengoengoené
ing wekasan angandika aris
seka ing pamikir
élok temen ikoe
19. baja betjik kalakona panggih
laoep sakeroron
koetoek lawan perawan dadiné
kaja paran babaré ing woeri
apa ikoe jekti,
sadjatin ing koetoek
20. apa baja mamalian djanmi
mangkja jèn kalakon
bok menawa élok babarané
nanging kang soenèsli ing pemboedi
temoea pribadi
ingsoen lawan koetoek



21. lan bisa imbal woewoes jekti
kena jèn tinakon
kjana patih dahat djoemoeroengé
boejoet Gandowara matoer aris
ing karsa déwadji
gampil dadosipoen
22. inggih amba mangkja kang kadoegi
karja prasidèng don
oelam koetoek amba soanaké
dateng abjantara Narapati
saking pametawis
kénging jèn dinangoe
23. kados-kados saged amangsoeli
saliring wiraos
Srinarèndra kasembadan tyasé
angandika jèn mengkana betjik
gawanen toemoeli
maring ngarsaningsoen
24. dèn-asamoen ajwana oedani
ing rèh kang mengkono
ingsoen arsa atetakan déwé
mangkja lamoen woes sadjarwa djati
gampang ing pemikir
dènja mrih rahajoe
25. boejoet nembah woes kelilan moelih
asmoe soeka tinon
sapraptaning wisma agé-agé
somahira winartan kang dadi
karsaning Narpati
dènja mèt pakantoek
26. njai boejoet soekèng dria kadi
manggih mas sageelong
tan antara mangkja sakaroné

samja maring pabongan wewarti
maring koetoek sarwi
amèt tyas memardoe

27. moewoes manoeara memalad sih
adoeh soetaningong
keparenga koeloep mengko soré
tinimbalan ing Srinarapati
kadaraning galih
amoeng arsa wanoeh

28. prajogané koeloep dèn-toeroeti
marek ing sang Katong
bok menawa dadi djalarané
• bisa lãoep lawan kén Saroei
kañakona jekti
dahat soeka soekoer

29. djaka Deleh doepi amiarsi
kang moerda menlongol
sarja aris aroem pemoewoesé
jén mengkana betjik dèn-lakoni
moenggoeh kang kinardi
wañah awakingsoen

30. mengko ana lantjang mas kang prapti
wangoen koemba tinon
ing djro mèsi tirta pawitramèn
saking swarga parmaning déwadi
ikoe baé betjik
karjanen angdesoeng

31. koetoek këndel samentara kèksi
lantjang mas kinaot
toehoe kađi koembaja wangoené
mèsi tirta saking soeranadi
kongas gandanja mrík
wilet mañboek aroem

32. tanpantara kang koetoek ka-èksi
woes manggon anèng djro
soeroep soerja mangkja pengoesoengé
tanpa roang amoeng lawan rabi
praptaning negari
patih kang djinoedjoeg
33. ladjoe kéríd marek ingarsadji
datan kawroehan wong
Praboe moelat katjarjan ing tyasé
jajah toemon para warapsari
anembrama ririh
dènja mandanajoe
34. doek miarsa koetoek moerda kèksi
atoerira alon
doeh déwadji karsa anjaroewé
ing dasih kang dahat kawlas asih
saweg anemahj
sotong beitaragoeng
35. manggih bagja kamahjangan mangkin
panembrama katong
sakelangkoeng anoehoen dasihé
kapirenan tyas Srinarapati
angoeng amemoedji
nirmalaning koetoek
36. ing wekasan angandika aris
adoeh mitraningong
moega djatènana ingsoen kijé
karananta koetoek arsa rabi
menoesa sedjati
paran wadinipoen
37. koetoek matoer sedjarwa ingoeni
poerwaning lelakon
doeh poekoeloen kalilana mangké
oeloen soemboeng wonten ingarsadji



leposta saliring

sarik saroe sikoe

38. ngoeni wonten déwa kang wewangi
hjang Paswa kinaot

poetraning hjang Poeroesa wiosé

swaminipoen inggih wiḍadari

beṭari Darani

ngoeni namanipoen

39. atmadjaning hjang Mestri sedjati
mangkja katjarios

kala teksih pasihan kalihé

sang hjang Paswa lan dèwi Darani

samja wawan dalih

ing sih tresnanipoen

40. pandalihing hjang Paswa mestani
tresnaning keroron

èstri datan nimbangi priané

sang beṭari Darani mangsoeli

lepat kang pendalih

inggih jektinipoen

41. djaloe datan nimbangi pawèstri
sihing sakeroron

sang beṭara Paswa atetakèn

paran ingkang dadya tanḍa jekti

beṭara Darani

alon atoeripoen

42. tiang djaloe menawi oedani
ing dyah ajoe anom

anglangkoengi kang garwa warnané

jekti dahat kajoengjoen ing galih

ladjoe kambil sori

sabab wenang wajoeħ

43. paé estri lamoen aningali
pria bagoes anom



anglangkoengi kang djaloe warnané
boten pisan darbéa tyas mélik
dènja sanget ing sih
dateng prianipoen

44. sang hjang Paswa goemoedjeng sarjangling
aloeh djiwaningong
amrang tatal ikoe bebasané
jèn wanoedya wewenanga sami
lawan pria jekti
tan bédá ing kajoen

45. sang beṭari Darani mangsoeli
anglengkara jektos
bok darbéa wewenang èstoéné
dérèng wonten èstri laki kalih
andjawi menawi
kang iroeng sapoetjoeng

ZANG IV; dichtmaat: POETJOENG.

1. mèsem moewoes hjang Paswa lamoen setoehoe
kaja pikirira
koedoe nganggo tanja jekti
ingsoen arsa wroeh kang dadi kanjatahan
2. liré lamoen ingsoen mendjanma ing poengkoer
maring artja pada
apa ta sira toetwoeri
apa kari ana ing swarga kewala
3. woewoesipoen dèwi Darani mring kakoeng
lamoen mekatena
kaoela jekti toetwoeri
sampoen ingkang doemateng manoengsa pada
4. nadyan njemploeng jamani oepaminipoen
boten nedya pisah
lestantoena dados tjèti
ing wekasan dèwi Darani prasetya

5. lamoen limoet ila-ila kang tinemoe
ngoeni kasaeran
geter pater asenggani
dèdèt érawati asrang sesaoeran
6. doek poenikoe noedjoe peparenganipoen
antoek kala désa
wonten kambet saking swargi
gandanipoen tiang saweg pepasihan
7. wor saloeloet panregasmara ning kakoeng
dateng sémahira
hjang Paswa mèt minang kreti
mrih katoengkoeling garwa sami sakala
8. drenging kajoen hjang Paswa ladjoë toemoeroen
daténg artjapada
angoepadi gandaningsih
doek tinoeroet praptèng loesoen ing Pahoman
9. ladjengipoen anoekma ing oelam koetoek
sampoen katemahan
dènira mrih minang kreti
dados koetoek toemamèng alam limoenan
10. masiloeroep moenggwèng goea garbanipoen
èstri ing Pahoman
kang wasta njai Gandori
inggih semahipoen boejoet Ganlowara
11. milanipoen hjang Paswa doemoenoeng rikoe
saking dènirarsa
angjektosken sihing rabi
poenapèstoe angantepi kang prasetya
12. inggih lamoen taksih tresnèng prianipoen
warnia poenapa
kang sa-estoe boten pangling
kelampahan panggih malih dados semah

13. doepi sampoen antawis satengah taoen
wonten kajektosan
kèksi saking rahsa djati
kawistara ing pramana dados tanja
14. lamoen toehoe dèwi Darani poenikoe
netepi prasetya
ladjeng toemoetoer medjanmi
babaripoen wonten doesoen ing Kasidan
15. mangké sampoen dados soetanipoen toehoe
oemboel ing Kasidan
sinoeng tengran kèn Saroei
bioeng njai Kèsi bapa oemboel Sarwa
16. babaripoen hjang Paswa awarni koetoek
boten kasamaran
dateng poen rara Saroei
jèn setoehoe dèwi Darani poenika
17. mila koetoek bangoen kadarpaning kajoen
paksa amengkoea
ing kèn Saroei menawi
kelampahan sa-èstoe dados pretanja
18. jèn setoehoe prasetyanira ing dangoe
samantarèng masa
njai Gandori tinoeding
andjedjawah sonten joemateng Kasidan
19. amoeng antoek wangsoelan minta tetangsoel
panggiling koedangan
tengran retna manik warih
sakembaran sabeloeloek agengira
20. inggih sampoen keLATENgan panggilipoen
mangkja ing wekasan
minta inah pendak ari
tinoeroetan soemené semanten dina

21. ladjengipoen kang manik tirta goemantoeng
wonten ing brahma
wasta sang Sođa maharsi
pangagenging karadjan ing Wandasingha
22. bēndjang lamoen praptaning oebangginipoen
penđak dinten soma
sang brahma jekti wadjib
angloeloesken kasidaning lelampaahan
23. mangkja sampoen telas atoeraning koetoek
praboe doek miarsa
angoengoen tyas asmoe tistis
dènja wikan jèn ikde djatining déwa
24. silardjajoe manadoekarèng pemoewoes
lah ta mitraningwang
andika poenikoe jekti
sedjatining déwa sang betara Paswa
25. koela sampoen soemerep èstining kalboe
marma jèn sambada
menggah prekawis poeniki
lestantoena sagedipoen kelampahan
26. koetoek manggoet tanđa jèn dahat djoemoeroeng
noelja Srinarèndra
angandika ing pepatih
lah ta ađi Wasita baja prajoga
27. karsaningsoep koetoek lestaria lãoep
lawan kèn Kasidan
mangkja roematana ñingin
dèn taretib ajwa kongsi kewangoeran
28. apa kang woes dadi adat koetoek ikoe
boejoer Gandowara
ajwa kongsi angoaħi
penoetoering doepa ratoes ganda wida

29. jén woes rampoeng pemetrinira ing koetoek
noeli anoedoeha
poenggawa kang animbali
sang brahmaṇa Soḍa wiprèng Wandasingha
30. telas ḍawoehing Nata patih wotsantoen
woes kalilan medal
Ganḍowara mjang Gandori
kang anggawa koetoek pareng oendoerira
31. praptanipoen ing wisma kja patih sampoen
nimbalı brahmaṇa
saking poerwa amekasi
kadi atoering wong Pahoman Kasidan
32. ngandikaroem sang Basoekésvara praboe
lah bapa brahmaṇa
moenggoeh ing prekara iki
ingkang dadi kederenging karsaningwang
33. jogja lamoen kelakona ḍaoepipoen
nanging ingsoen karja
ka-élokan dimèn dadi
katjarjaning wong andoeloe pemiwahan
34. déné koetoek ia rinoeat karoehoen
dadia manoengsa
moenggoeh kang ingsoen boeboehi
pangroeating koetoek arja Manoengkara
35. menawa woes mengkono ing karsaningsoen
karja sisintrénan
iwak koetoek kang sedjati
ikoe bakal kaoeparenggèng bawahan
36. ing wewangoen tjinara pangantèn ḍaoep
anèng ḍatoelaja
koetoek kang woes dadya djanmi
soen prenahken ḍingin ing gedong pengantyan

37. mangkja jén woes pangantèn wadon loemeboe
maring pagedongan
paran wahananing dadi
kèn Saroei apa ta maksih kelingan
38. lamoen ikoe sedjatining pranipoen
ingkang apanengran
betara Paswa ingoeni
doek maksihé pada ana ing kahjangan
39. apa limoet baja kelingan salemoet
maring pranira
dènja pisah woes alami
marma ingsoen adarbé karsa mengkana
40. wroehanamoe bapa iwak koetoek ikoe
sadjatining déwa
kang kaseboet awewangi
sang hjang Paswa atmadijaning hjang Poeroesa
41. déné ikoe si Saroei wroehanamoe
toehoe waranggana
anama dèwi Darani
dadi somahira sang betara Paswa
42. karo ikoe doek maksih anèng swargagoeng
pada wawan-wawan
reboet tarka ing pendalih
amintoken sih tresnanira priangga
43. temahipoen paña prasetya ing dangoe
noeli sang hjang Paswa
semana mèt minang kreti
dadi koetoek toemejak maring Pahoman
44. soinahipoen dèwi Darani toemoetoer
nanging salisiban
tanboeh kasidaning laki
dadya noekma maring désa ing Kasidan

45. kang tinoedjoe mangka jajah rénanipoen
ikoe oemboel Sarwa
lan somahé njai Kèsi
sebandjoeré kongsi dadining prekara
46. doek angroengoe brahmaṇa Soṛa wotsantoen
dahat pengoengoenga
ing woesana matoer aris
jèn kepareng saking karsa padoekèndra
47. oelam koetoek poenika prajoginipoen
mawi kaḍawahan
sageda roeat pribadi
rèhning déwa bok menawi kelampahan
48. milanipoen mekaten ingkang sa-èstoe
wewah ka-élokan
Srinarèndra najogjani
kjana patih Wasita kang dinawoehan
49. panggja boejoet Gandowara pantesipoen
kinèn prasabena
maring soeta kang awarni
iwak koetoek jèn mangkana karsa Nata
50. patih sampoen toemanggap kang dadya ḍawoeh
jata sang brahmaṇa
amèt retna manik warih
sakembaran katoer ladjoe tinoepiksa
51. sang apraboe angoengoen sadangoenipoen
tanpa angandika
déné ana manik warih
sabeloeloek kang praba andiwangkara
52. doepi sampoen sampéka sinoengken wangsoel
maring sang brahmaṇa
sarja paring pamrajogi
lamoen prapta ing oebaja penjak soma

53. wadjibipoen kang retna maniking ranoe
ikoe oeloengena
maring oemboel Sarwa jekti
woes beneré minta pepanggil tinekan
54. awotsantoen brahma kalilan moendoer
lawan kjana patya
praptaning wisma toemoeli
andlawoehken ingkang dadya karsa Nata
55. jata boejoet Gandowara goepoeh-goepoeh
wewarah ing soeta
koetoek mangkja amangsoeli
maring patih Wasita sarjasmoe soeka
56. inggih lamoen mekaten ing karsa praboe
langkoeng kasembadan
sawetawis aprajogi
witning dados kasmaraning kang toemingal

ZANG V; dichtmaat: ASMARADANA.

1. kang sa-estoe saged oegi
koela roemoeat priangga
déné kang mangka sesintrèn
dados koetoek sanalika
agampil traping karja
dèwi Darani roemoehoen
doek wonten ing Soeralaja
2. darbé mengamnengan adi
warni koetjing tjandramawa
djaloe roeroeh kang pasemon
aboesana tjara déwa
poenika jèn tjinipta
toemoeroena dados koetoek
prapta sami senalika
3. sarta roeatipoen malih
Serat-Tjariosipoen oelam koetoek.

amewahi kabingahan
wonten ingkang dados élok
sadjatosipoen poenika
sampoernaning menoengsa
kang dèrèng widagdèng kawroeh
kemoeljaning sangkan paran

4. arinipoen njai Kèsi
kang awasta empoe Prasṭa
prenah ipé dados ipé
dènira sang oemboel Sarwa
mekaten atoer amba
pawèstri wasta poen Remboen
sémahipoen empoe Prasṭa
5. arining sang Sarwa jekti
roeatipoen kang wekasan
daoepa malih ing tembé
kang soepados sami soeka
mekaten tegesira
roeat pisan saking koetoek
dados koetjing tjandra mawa
6. bok menawi kèn Saroei
kèngetan ing patembajan
dènira katembèn toemon
lelangenipoen ing kina
kang koetjing tjandramawa
roeat malih kang sa-èstoe
waloeja djatining djanma
7. soemanggèng karsa Narpati
atoer kaoela sedaja
dremi loemampah kémawon
boten ta jèn kabektaha
kadoek tyas koemawawa
mekaten ingkang sa-èstoe
kados raré taksih moeda



8. mangka loeang kang oetami
bebasaning kasoedjanaan
wignja poenika jogjané
rinawatan moenggwing woentat
dados tan kawistara
tinggalna bołonipoen
boten kaseboet koetjiwa
9. kja patih mèsem sarjangling
jèn mangkana atoerira
betjik ingsoen saosaké
maring kangdjeng Srinarèndra
soepaja ka-oeningan
barang pangrèhanta^a ikoe
semana praptaning masa
10. kja patih toemamèng poeri
angatoerken pamrajoga
saking koetoek kang wiraos
bok menawi kasembadan
mewahi ka-élokan
kaparengan ing tyas praboe
angandika maring garwa
11. jaji ingsoen awewarti
bakal ana ka-élokan
déné babaring lelakon
jèn woes ana qeđaoepan
perawan antoek mina
warna koetoek bisa moewoes
ikoe jaji jèn sembada
12. mangkja paļa dèn-jektèni
amemanton ing djro poera
jadi mangkoea kang wadon
kèn Saroei aranira
soetaning oemboel Sarwa
déné ingsben kang amangkoe



pangantèn djaloe prajoga

13. warna koetoek awewangi
djaka Deleh ing Pahoman
kang soesoeta sedjatiné
ikoe boejoet Ganjowara
wardaning wong Pahoman
doek miarsa dèwi Wastoe
goemoedjeng matoer sandika
14. dènja ka-élokan jekti
kaja paran poerwanira
ing titika kang mangkono
Srinarèndra woes sadjarwa
saliring lelampahan
dèwi Wastoe soeka ngoengoen
kadarpèng tyas daja-daja
15. mangkana Srinarapati
rembag lawan kjana patya
kang dadya kasidaning rèh
kjana patih atoerira
poekoeloen jèn sembada
mangké daloe oelam koetoek
kinèn roeat dados djanma
16. ing antawis sampoen kèksi
samaptaning kang boesana
kaprenahken kinèn manggon
dateng gedong padaopan
mekaten ing pratingkah
dipoen-awadi setoehoe
sampoen ngantos kawedaka
17. toemoenten rara Saroei
kapoenloet malebetira
sangadinipoen ing mangké
siningidaken poenika
wonten ing datoelaja



kasembadan ing tyas praboe
kawistarèng pangandika

18. patih kinèn anđawoehi
maring koetoek dèn-atanggap
ingkang dadya karsa katong
noelja arja Manoengkara
Kang kinèn anđawahna
maring oemboel Sarwa ikoe
leboening soeta wanoedya
19. semana pareng wotsari
woes sami kalilan medal
soang-soangan oendoeré
gantjanging kang wínoersita
ing ratri kaleksanan
samantara koetoek sampoen
nir mala roeat priangga
20. dadya menoengsa sedjati
manoengkoe tyas senalika
droning lantjang ana katon
koetoek mamalihanira
kang koetjing tjandramawa
mengkana kja patih sampoen
angirid kang woes roemoeat
21. doepi praptaning ngarsadji
datan kongsi sinembrama
kinèn toemamèng djro gedong
bałé panggénan pangantyan
gantya kang kawoewoesa
kèn Saroei lebetipoen
sareng sedaloe poenika
22. kaprenahken kang arepit
lan sajajah rénanira
amiranti panggonané



woes mengkana Srinarèndra
ing wajah titi soenja
amanggihi karsanipoen
maring sang nir malèng warna

23. amoeng kanṭi kjana patih
lawan arja Manoengkara
manembrama woerjaning rèh
kadya moedyastawèng déwa
sang djaka kipa-kipa
manoebara atoeripoen
poekoeloen Srinaranata
24. tanpa karja poedyastoeti
rèhning amba ing samangkja
dèrèng roeat sedjatiné
taksih sawek kamanoengsan
ing bëndjang jèn waloeja
dados déwa kang sa-èstoe
soemanggèng karsa Narèndra
25. malah mangkja ing pangèsti
kaparenga soemawita
kasembadan ing tyas katong
djaka Deleh kinèn lenggah
satata lawan patya
tansah samja mèt martajoe
remboeg kasidaning karja
26. djaka Deleh matoer aris
poekoeloen jèn kaparenga
bëndjang-èndjang kang pangantèn
mangkat saking kapatian
mawia djinadjaran
manik warih kang goemantoeng
wonten sang brahmaṇa Soda
27. mangka tanda ḍawah sampir

kang saking pangantèn pria
seladjengipoen ing tembé
soemanggèng karsa doemawah
menawi praptèng masa
noenten pawèstri poen Remboen
binoesanan adi warna

28. kembar lawan kèn Saroei
djoepipoen sekalian
koetoek roeat warni sato
dados koetjing tjandramawa
menawi kalampahan
samja gawok kang andoeloe
amewahi soekaning tyas
29. bok menawi kèn Saroei
èngget darbé mengamengan
èstoenipoen boten soepé
kang prasetya doek ing kina
jen sampoen samantara
koetjing roeat dadosipoen
djatining djanma sang Prasta
30. ladjeng kañaoepna malih
lawan poen Remboen poenika
kados oegi wewah saé
kèndel sang djaka wotsekar
mengkana Srinarèndra
mangajoe bagja ing remboeg
èndjang samapfèng wiwaha
31. praptaning soré miranti
pangantèn pangarakira
woes kalakon patraping rèh
dadya soëka pirenèng tyas
semana karsa Nata
sampoernaning karja ladjoe
kaþèh kinoela wisoeda



32. dadi wadya poenggawadji
djaka Deleh woes ingangkat
arja Paswa panengrané
sang Prasta arja Minarda
oemboel Sarwa anama
arja Srawana poenikoe
pinaringan manik tirta
33. boejoet Ganjowara mangkin
anama arja Kesrawa
lantjang mas pinaringaké
kang a-isi toja marta
brahma Soña dadya
kami-toea oeloe-oeloe
angrèh para poeroeita
34. pareng dènira wotsari
ingkang kinoela wisoeđa
samja soeka soekoor kabèh
amemoedji rahardjèndra
semana woes kalilan
sesoangan antoekipoen
loeloes kongsi praptèng wisma



PNRI



State Electricity



PNRI



Balai Pustaka

NAMANING PENGARANG.	NAMANING BOEKOE.	RE
M. Poedja-ardja.	Dongèng Empol-Empil Pakem ringgit Poerwa I, II, III. (Holl. karakter) mawi gambar.	0 0 0 0
R. Marta-koesoema.	Pratikel moerih soeda- ning karojalan (Holl. karakter).	0
R. Poerwa-soewignja.	Nembelas tjarics (Holl. karakter).	0
M. Prawirasoedirdja.	Bab lako garangan.	0
M. Poedja-ardja.	Niti karsa.	0
R. M. Mangkoedimedja.	Serat Poerwa wahja	0
Idem	Serat Pararaton I,	0
	" II.	0
	" III.	0
R. Sasraprawira.	Bioeng koealon.	0
idem	idem (Holl. karakter)	0
R. Dirdjasoebrata.	Gara-gara.	0
idem	Pamboekaning nalar.	0
Kemis alias Ardjasoewita.	Pasrèn.	0
M. Poedja-ardja.	Tjarios Tilarsa.	0
R. Tirtadanoedja.	Ngèlmoe kasoegihan (Holl. karakter).	0
R. Poerwasoewignja.	Serat Lebdatama I.	0
idem	idem II.	0
M. Mangoenpoestaka.	Oepa-darja.	0
Soeara.	Bab alaki-rabi.	0
M. Wirjadiardja.	Waris Ian Lalis.	0
—	Jogja Sastra. (Holl. karakter).	0
R. Ng. Djajamargasa.	Wredja-moeja.	0
M. Jasawidagda.	Tjarios peksi glatič.	0